Соколёнок

# Лачен

5/2017
сентябрь-октябрь

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# Мун-гIисиназулги гьудул вукIана Мун-„Лаченалъулги" гьалмагъ хутIана



Хириял лъимал! Нужее бахъулеб «Лачен» журналалъул» гьаб щуабилеб номералда тIубанго кьолеб буго Дагъистаналъул халкъияв шагIир, жиндир заманалда ЦIунтIаги, ЦIумадаги, Болъихъги, ЛъагIилухъги гьанже нужго гIадал лъималазе мугIалимлъиги гьабурав, нужее ва нужер хIакъалъулъ кучIдулги, харбалги, маргъабиги хъварав мунагьал чураяв ГIабасил МахIамадил батIи-батIиял тIахьаздаса росарал асаразе ва гьесул хIакъалъулъ цо-цо ракIалдещвеязе.

ГIабасил МахIамад вукIана цIакъго гIадамалги хирияв, гIумруги бокьулев, гIаданлъиги бугев гIадамги, хъвадаризе пагьмуги гьунарги кьурав шагIирги, драматургияги, критикиял асаралги хъвазе махщел щварав, авар мацIалъул бечедаб хазинаги жиндир «хулжиниб» бугев хъвадарухъанги.

МахIачхъалаялдаги жиндирго гIагараб ЛъагIилухъ росулъги гьесул рукъ кидаго гьалбадерил цIун букIунаан, гьесул лъади Савдатил тIагIамаб ва гьарзаяб сурпаялда нахъа бицунеб хабарги гьуинлъулаан. Гьездаго гьоркьоб лъималазги цо хассаб бакI кколаан.

ГьоцIалъаги, Харахьисаги ва гIемерал батIи-батIиял росабалъаги тIубараб классалъул цIалдохъабиги рачун, шагIирасул асараздасан церерахъиналги гIуцIун, гIемерал дандчIваялги тIоритIулаан, цоцазе кучIдул цIалунги, суалал-жавабал кьунги, чIагоял гарачIвариялги рукIунаан.

Жидерго лъимал гьечIониги, «НижергIан гIемерал лъимал лъилниги ратиларилангги» абулаан ГIабасиласги Савдатицаги. Гьелъие нугIлъи гьабула Савдат-эбелилан киназго гьелде абулеб букIиналъги, «Дир вас», «Дир яс» – илан гьелъ киназдего абулеб букIиналъги.









Исана 85 сон тIубала Дагъистаналъул халкъияв шагIир, драматург ГIабасил МахIамад гьавуралдаса. Гьесул асаразе сайгъат гьабизе хIукму ккана гьабнухалъ тIолалго журналалъул тIамчал. Гьесги жигараб гIахьаллъи гьабулаан лъималазе бахъулеб журнал берцин гьабиялъе, гьенир рахъизе нужер гьира балел гIадал, жинцаго ургъарал маргьаби, харбал, кучIдул, батIибатIиял рекIелгъеялъул асаралги росун рачIун. Гьевги вукIана нижер редакциялъул коллегиялъул член. Аслияб куцалда чIахIиязе хъвадараниги, лъималазе хъвараб чанго тIехьги буго мунагьал чураясул.

Журнал байбихьулеб буго гьанжеялдаса 17 соналъ цебе, «Лачен» журналалъ къого сон тIубаялъул байрамалде гьес хъван букIараб макъалаялдасан:

***

«Лаченалъ» куцараб гIел
ГIемерлъаги мугIрузда,
ГIелму—лъай босараб тIел
ТIавагьаги зобазда.

Лъималазе бахъулеб гьаб «Лачен», Лочнол тIанчIи гIадал лъималаз гъираялда цIалулеб гьаб журнал. Щайха гьалда цIар «Лачен» абураб тараб? Щибха кколеб лачен? ГIицIго чан гьабулеб хIинчIищ гьеб кколеб? Гозоги кIичIараб, малъалги бегIерал, рорженги хехаб хIинчIищха? Цебе ханзабаз чанабе бачине куцалеб букIараб хIинчIищха?

У, гьединаб хIинчIги ккола лачен. Амма гьеб гуребги ккола лачен. «Лачен» ккола магIарулаз тулаклъиялъе гьабураб сипат. Лачен абурабго цебе чIола чIаголъиги гIедерлъиги. Лаченалъ жанибе бачуна къвакIиги, хIинкъигьечIолъиги, лебаллъиги...

«Лочнолаб — лочное, гъадилаб — гъадие» абула магIарулаз бахIарчиясе рецц букIунин, хIалихьатав чиясе рогьо букIунин абизе. «Чияр ракьалда чараб лочнодаса, нилъерго ракьалда чараб гъеду беццараб» абула ВатIан тарав чи лъикIав чилъун вукIунарилан бичIчIизабизе.

Киназего ахIана эбелалъ кинидахъкечI. ГIемерисез ахIула гьеб, лочнода данде гьитинкIги ккун:

Бабал дарман вуго ав,
Дадал лачен вуго ав,
Лочнолги тинчI вуго ав,
Охо-лоло, охо-ло...

Анкьумумулъанго бахIарчиясе къимат кьолелъул, багьадурасе рецц гьабулелъул халкъиял кучIдузда кидаго рехсон батула лачен: «Лачен Генуса Шамил», «ЧIегIераб лочнол хоно чучизейищ бокьараб», «БахIарчилъиялъе бахъараб хвалчен, Хунздерил боялда цIар арав лачен», «Лачен чучаниги чучуларев мун», «Лочнол гIадал берал дур къапиларо», «Лаченги чучула, чи гIемерлъани, Чаранги биуна, цIа гьалаглъани»...

Авар поэзиялъул классиказги – Инхоса ГIали-ХIажияс, МахIмудица, ЦIадаса ХIамзатица, кочIолъ сипат-сурат цебечIезабиялъе, хIалтIизабун батула лаченги лочнол тIанчIиги.

Эбел-инсуеги, учительзабазеги, хъвадарухъабазеги кидаго бокьила лъимал рукIине лаченгIан берда цIодоралги, лачен гIадин тири-гъириялги, лачен кинигин къамартIалги, лаченлъун къохIехьолелги, лаченалъулалдасаги роржен берциналги...

Къоябго сон бекерана кваркьимилъир магIнаяб «Лачен», лочнол тIанчIи гIадал лъималазухъе боржине лъугьаралдаса. Гьеб заманалда жаниб школазда цIалулел ясалвасазе салам кьуна кIинусиялда кIикъого «тIиналаченалъ» – кIинусиялда кIикъого берцинаб тIехьалъ. ТIоцебе бахъараб «Лачен» цIаларал васал церего, рагъулаб налъиги тIубан, ВатIаналъе тIадаб хъулухъги гьабун, лучнуллъун руссана жидерго рокъоре. ТIоцебе бачIараб «Лачен» цIаларал ясал церего руго жидерго гIисинал тIанчIазе, тIамач–тIамачккун, киназего бокьулеб журнал бегулел.

Хехго сверун ратулел жал руго сонал. Амма къого соналъул манзил кIудияб нух буго нилъер гIумруялъе. ГIелму-лъай босулеб гIисинаб гIелалъе гIатIидаллъун лъугьинаруна «Лаченалъ» учебникал. ГIолеб гIелалъе тарбия кьеялъулъ кьватIел кквезеги ками цIезабизеги батанилан абизе бегьула «Лачен».

*Дир кваранаб кваркьи кучIдузул*
*буго,*
*КвегIалъул хIулаби харбазул руго,*
*Хириял васазе ва ясалазе*
*Сайгъатазул цIураб гьобол буго*
*дун...*

МагIарулазул шагIир Шагьрудин МухIамадовасул «Лачен» абураб кочIолъа росарал гьадал мухъазулъ нилъеда бихьула журналалъул аслияб хIалтIи цIалул гIелалъе адабиятalъул асарал рахъи букIараблъи. Къого соналъ щвезаруна «Лаченалъ» лъималазе хъварал кучIдулги харбалги цIалдолезухъе. ЦIалдохъаби урхъарал рукIунаан гьаб журналалъул цIияб номер бачIиналъухъ. Гьелда батулареб жого букIинчIо лъималазда: кицабиги, абиялги, бицанкIабиги, рикIкIабиги, маргьабиги, биценалги, гъветI-херги, хIинч-гъедуги.

Учебниказдасан лъалел рукIарал ратани лъималазда нилъер хъвадарухъаби, «Лачен» журналалъ гьудулзабилъун лъугьинаруна цIалдохъабиги шагIирзабиги. Дагъистаналъул миллатгIемераб адабияталъул киналго вакилзабазде гIунтIун, къалмил устарзабазул гIисиназе хIажатал асарал кьуна гьаб журналалъул гьурмазда...

«Лачен» бижулездаги журнал цIалулездаги роржен къадруяб, къисмат баракатаб къогосонилаб нухги баркула тавпикъги гьарула!

*Лаченалъ куцараб гIел*
*ГIемерлъаги мугIрузда.*
*ГIелму-лъай босараб тIел*
*ТIавагьаги зобазда.*

*ГIабасил МахIамад, 2000 сон*

**ГІабасил МАХІАМАДИЛ**
**(«Рохьил бакънал» абураб тІехьалдаса)**

# Кьакву



**Ахикь пихъалъул цІогьор,
ЦІоросаролъил тушман,
Мун жаниб баккичІеб гьор
ГьечІогури, «жагъирман».**

**Жеги тІубан рухІ щвечІеб
ХІанчІитІинчІ борчІулареб,
Батун гозо кІутІичІеб
ХІанчІихоно толареб.**

**ХъахІилаб расен ккураб
Куркьбиги дур хІулиял,
НакІкІуяб чІчІехІу лъураб
БетІерги дур сурмияб.**

**Рохь кунеб хІутІал квине
Кутакаб гьунарги дур,
Мигьир бахчун букІине
КІудияб махщелги дур.**

**Бокьани кьив-кьивилан
Кьалаб ахІи-хІурги дур,
ХІажалъани мявилан
Мимиди катилги дур.**

**БетІер кІичІун, кІанцІун ун
Аваданго кьурдулеб,
Кьер-кьераб бакъан тІамун
КъагІидаби гьарулеб.**

**Кьолеб заралалдаса
Дур пайдаги кІудияб,
Дурго хІажаталдаса
ХІалеб рольги гІемераб.**

Рохьил жанаваразул
Театр лъолароан,
Лъунани мун хIанчIазул
Артистилан телаан.

Дуе халкъалъ кьураб цIар
Кьакьу букIин лъалаан,
Амма тIад лъураб тIокIцIар
«Жагъирман» лъалароан.

Лъалиниб мун баккидал
Жагъир хутIун батулеб
ЦIоросаролъ бихьидал
Лъураб тIокIцIардай бугеб?

# Гъагъусак!



Рохьил маккал рихьанищ,
Гьал макказда релълъинчIел,
РачIчIал дагьал халатал?

Гьезул гьаркьал рагIанищ,
Гъургъураздаса къечIел,
Цодагьалги гьайбатал?

Рохьил микки – гъагъусакI...
ГъагъусакI данделъула
Цойги гъагъусакIалда.

КIиябгоги гъагъусакI
Цадахъ рекъон хIалтIула
Цо борхатаб гъотIода.

Гъадибусен гIадинаб
ГIочIобусен гьабула,
Гьогьаб хьимги жаниб лъун.

ХIалтIи лъугIи гIадинаб
Роха–хинлъи гьабула,
Гьелдаса ракI разилъун.

Амма ХIосокъил гьудул
ГьелецI тIаде вачIуна
ЧIегIераб балагьалъе.

Гьаб кIиябгоги гьудул
ГIаркьалида рештIуна
Жидерго гунгуналъе.

Резнил газаргъоялда –
Рогаткаялдаги лъун,
Ана гьас чIимих речIчIун.

Бихьин гъагъусакIалда
ГIинда нахъа гьебги щун,
Гьале гьеб бортун бачIун.

Гьеб чIвай гIечIого ГьелецI
Гьале гъотIоде вахун
Бусен буххизабулев...

Вецциларо мун, ГьелецI,
Недегьал хIанчIаздехун
ХIакъираб чан гьабулев!

Гьале цояб гъагъусакI
ГъветI-гъветIалда тIадги чIун,
Гьудулалъухъ гIодулеб.

ГIумруялъ гьеб гъагъусакI
Гьудулги кквечIого чIун,
ЧIалгIун, урхъун угьдулеб!

# ГIанкIитIинчI



Цо гIанкIица гьабуна тIинчI,
Гьайбатаб жо букIана...
ГIанкIица гьеб жиндирго тIинчI
Лъабго къоялъ хьихьана.

Цинги гIадалъ цо хъатги бан,
Хазабеян абуна;
Дуйго дуца гIамал гьабун,
ГIумру хIаян битIана.

Гьабулесеб жогIаги щиб?
Вада-дада, дададай!
РакI къвакIулеб хергIаги щиб?
Вада-дада, дададай!

ХIинкъун буго гьаб гIанкIитIинчI...
Вада-дада, дададай.
Сородула гьаб гIанкIитIинчI...
Вада-дада, дададай.

Жиб буччараб хъархъилъцини,
Бихьулилан ккола гьалда;
Нух къосараб гъугъдулъцини
Батилилан ккола гьалда.

Щобаздасан гьелун унеб
Цер бихьани – сорола.
КIкIалабахъан хъетун унеб
Хъумур лъани – сорола.

ЦIудул рагIад тIасан ани,
Ала-лалай, сорола.
Рохьилазул хваши чIвани,
Вала-лалай, сорола. –

Вада-дадай, дада-дадай,
Дада-дада, дададай.
Дада-дада, дада-дадай,
Дада-дада, дададай.

Эбелалъго щай гьабураб
ГьадигIанго цIуяб гIанкI;
КIетIезего щай кIетIараб
ГIазабалъе гIанкIил ракI.



## Гвангваги цакьуги

Гвангва буго, бусен гьабун,
ГъотIода.
Гага буго, данде гьабун,
Бусада.

Квачан, бакъун цакьу буго
БачIунеб.
Гвангва рагIун, тIаде буго
Бахунеб.

ТIадги речIчIун, чIван гвангва-
гун,
Квана гьеб.
Бусенги ккун, кун гагагун,
ЧIана гьеб.

ГъутIби руго цоцаздехун
Щапелел;
ТIанхал руго цоцаздехун
Щурщулел.

Щибдай буго жакъа рохьалъ
Бицунеб?
Цакьуялъул тIекълъидай алъ
Какулеб!

Кьуру буго тIванкъиялда
БецIцIулеб;
Гьеб ицц буго чилиялда
Чвахулеб.

Гвангваялда гурхIундай эб
ГIодулеб?
ГIасилъиялъ лъукъундай эб
Угьдулеб!





* * *

Хъвадарухъабазул гІадат букІуна цоцазе махсародул кучІдул хъвалебги. ГІабасил МахІамадил гъудулги росулъа чиги, Буйнакск шагьаралда гІумру гьабулев вукІарав Расул Атаевас, жиндихъги рештІинчІого ГІабасилав анилан рагІидал, гьадинал рагІаби хъван рукІана:

*ГІабасилав кинав чи?*
*Кутакалда цІакъав чи, –*
*Эхеде гІедегІулев,*
*ГІодове векерулев,*
*Нухда гьудулзабазухъ*
*ГьвехъгІан гІинтІамуларев...*
абун.

# КЪАДАХЪАБАЗУЛ КЕЧІ

**(«ЦІадулал ракІал» абураб тІехьалдаса)**

**Ниж руго хІалтІухъаби,**
**ХІалхьи лъаларел ракІал,**
**КІалкъулал къадахъаби,**
**Къарнабаз чІолел лъалкІал.**

**Ниж руго къадахъаби**
**Къойица свакаларел,**
**Свакайдал хІалтІухъаби**
**ХІалхьизе рукъзал ралел.**

**Лъала, ниж гьечІо рижун**
**Нусил соназ хутІизе,**
**Амма нижеда божун**
**Болжал буго лъутІизе.**

**Ниж бакъуца роркьунан**
**РагІдукье ротуларо,**
**Гьури-цІадалъ квачанан**
**Кидаго рахчуларо.**

**Нижеца бараб мина**
**ГІасрабаца букІина,**
**ГІелалъ хисун гІел ина,**
**Аб жаниб цІун букІина.**

**РагІад бала нижеца**
**ВагІаридал чи чІезе,**
**Гьороцагин цІадаца**
**Цойгиял жалго тезе.**

Нижж руго къадахъаби
Къойица лъалхъуларел,
Хъалахъгун нижер куртIби
Кидаго сасунарел.

ХъваштIи, кIитI-кIватIиялда
КIудияб мина гIола, –
Нижеца дунялалда
Рорхатал лъалкIал тола!



# Трактористалсул кечI



Дун вуго векьарухъан,
Ракьул гьумералъул хан,
Халкъалъулго хурухъан,
ХIалухъадул бетIергьан.

Пуруц дир маххул буго,
Маххал дир чармил руго,
«Вогьа, гьай» кIочон буго –
Оцал дир цIадул руго.

ТIаде заман щварабго
Щибаб хуриб рахъ бала,
Гагу гугудулаго
Дица рекьи тIубала.

Ракьул гьуинаб махIалъ
ХIалхьезе гьабула дир,
Ракьул хирияб кьералъ
РакIалда нур бала дир.

Дунялалъул чIаголъи
Дидасан байбихьула,
КинабгIаги богIоллъи
Дир квераздa бижула.

Дун вуго тракторист –
Тулакав векьарухъан;
Дун вуго тракторист –
Таваккалав хурухъан.

# Ралъдахъанасул кеч!



Карачелал ралъдатIа
ГIорлъун гьелчелел руго,
Гьулак гIадин гьезда тIад
Гама гьелкелеб буго.

Гьаб лъадал авлахъалъул
Игитлъунги дун вуго,
Гьаб хIикматаб хIоралъул
ХIакимлъунги дун вуго.

Ралъдал чохьониб бугеб
ЧчугIаги дир гIи буго,
ЧчугIил бусада бугеб
Маргъалги дир гъегъ буго.

Дир нухалъул свакарал
Свераби рукIунаро,
РикIкIадал дир сапарал
Сунцаниги кколаро.

Дир кидагосеб гьудул
ЧIаголъараб махх буго –
МакъратIисалъул лълъурдул
Кьурдулеб компас буго.

Дир нухлул ишараби
Зодосел цIваби руго.
Гамил хъаравулзаби
Рахсалгин лангар буго.

Карачелал ралъдатIа
МугIрул гIадин рорхула,
Дир гама гьездаги тIад
Кьурулъун эхетула.

Дунялалъул картаби
Дир нухаца рессула,
Картаялъул улкаби
Дир бераца росула.

# Суричги борохьги

**(маргъу)**



Букӏанила, букӏинчӏила, букӏинецин букӏинчӏила, цо кӏудияб борохь букӏанила. Кӏудиябги кин-киниги кӏудиябилаха эб букӏинчӏеб, бетӏер Генубе щвараб мехалъ, рачӏчӏ Цӏобокь букӏунаанила гӏоргъун эхебе бачӏунеб гьелъул.

Гьебги кигӏан халатаб букӏаниги щибила букӏараб, гӏурулъ бугеб ччугӏиде балагь бачӏинабулеб букӏанила гьелъ. Гьанже гӏицӏго Гӏандихӏорихъ гурони хутӏун гьечӏеб масакӏги тӏагӏинабулеб букӏанила гьелъ, чушкӏаги лъугӏизабулеб букӏанила гьелъ, гьанже гӏурумухъда нагагь гурони бату-лареб турхги толеб букӏинчӏила гьелъ. Гьебги бицинароани-ла, магӏарулазе ччугӏидаса гӏиял гьан бокьулелъул, ген-дерие гьелъ гьабулеб зарал кӏудияб букӏинчӏебани. Жеги Гӏабдулахӏажиги гьавичӏеб, гьес малъун лъимги бахъичӏеб, хъахӏаб къулагӏаги бачӏеб за-манлъидалила гъоб букӏараб, гендерица лъим гӏурухъа баччу-лаанила. Амма лъадалъа ракъ-дадеги гирун, гъодигӏан халатаб борохь бакъалда бегараб ме-халъ, лълъел цӏезе ине кӏолев инсан эзулги вукӏунароанила.

Щибдай гьабилебилан эр-гъелеб букӏараб гендерил жамагӏаталда рагӏанилаха, Хъа-ранив вахъун вугев гьитӏинав

чанахъанасул хабар. ТIоцеве чанаве вахъиндал гьес бис гIанасеб гIанкI чIваялъулги, гIирпиталъул рачIчIалда речIчIарабго чIор щварав гIужихъан гьев вукIиналъулги гIадамаз гIемер бицунеб букIанила. Гьединав чини гьазул анивги камилароанила, амма, жинда цебе накалдеги ккун гIирпит хIелхIедизе тIамулев бахIарчи, Сурич гурони, гьазда рагIун вукIинчIила.

ТIаса рищун щуго магжилавги анлъго михъилавги витIанила гендерица, хъерендерида гьев чIорилав, гьагъаб борхьил бетIер гIужие кквезе, жидехъе гьоболлъухъ витIеян гьаризе.

Ургъанила хъерен, ургъанила, амма витIизе кIвеларилан абунила.

Росдал багьаяв Сурич гьединаб хIинкъи бугеб бакIалде витIулищилан цоял гаргаданила. ГIанкIги борохьги данде гьабулеб жойищилан цойгиял щурщуданила.

Гьеб хабар лъарав Сурич росдал годикIаниве векеранила.

Ругилаха гендерил илчизабиги хъерендерил жамагIатги цоцатIе инеб хIалалъ дагIбадилел. Эбги щиб, Сурич сабаблъун.

ГIенеккейилан ахIанила Суричица, сурукъаб дагIба тейилан абунила гьес, гьел чагIи гьалбал кколилан гIодоцинабунила гьазул ццин бахIарчияс. Аман гьарун рачIарал чагIазул мурад тIубазе батулареб чIорбутI, гIатIги тIун бутIги бекун, нахъе рехулаoptбищ Суричицаян, бахъанила гьас квер жеги раккичIел михъазда.

Анилаха Сурич Генуве.

Бугилаха, гьудул, гьорозегIан ччугIаги кванан, кепалда бакъалда бегун, чIалуги чIалу гунеб, чIологи чIоло гуреб, бетIер бихьаниги, бихьудаса рачIчI тIерхьараб борохь.

БорчIами, чIурканхалат, чIван рехараб жо гIадин гурищ тIамун лъун бугебилан кIалъанила, чIорил манзилалъ довегIанги чIун, Сурич борхьида.

РорчIагийин гвангриниса къватIире дур берал, дир макьу хвезабизе хъулухъ щиб дурилан хичанила гьасде гьеб.

Хъулухъ букIинчIебани аниве вачIунев чийищха дун вукIаравиланги абун, элда лъазабунила Суричица: «Хехлъи гьабун дуца, гьаб рагIалги тун, добцояб рагIалда бегизе гIамал гьабе, гьал гIадамазе лъим хIажат бугин» абун.

«Гьадингоги квачараб дун, бакълъудаса хьонлъоде инегIан, гIадалаб гьечIолъи лъазе ккелароанищ дуда, къватIу?!» абун ахIи–хIур бахъинабунила борхьица.

«Гьалда берцинго бицараб жо бичIчIулеб гьечIогури!» абун ракIалдеги ккун, реххун анила Суричица санидул чIор. ЧIваркьан бахъун къанила гьеб гьелъул квегIаб beралда.

Бахъанилаха, гьудул, гьаб жаниблъи тIатIала босизабулеб чIчIичIчIи гьагъаб квешаб борхьил. Кинацаго гIинзунир килщал къазаризе ккаnила, рагIухъал бахъиялда хIинкъун. ХIинкъи лъаларев Сурич рекIетIа ватилалде, ботIроде тIогьикI щвезегIан гIурухъа тIаде цIан бачIанила халатаб рачIчIги. Нилъеца кверaлъ ккурабгIанги бигьаго рачIчIалъги ккун бахъун реханила, гьудул, гьеб чIор, бихьутIерхьудаса ун тIагIинегIан. ЧIорали бигьаяб жойила, жуламги битIизабунцин гьабизе бегьулеб, бачIанилаха хьвагIун рачIчI, куштIиниса кIиабилеб чIор босизе Суричица квер бегьулаго. Жемун анила гьеб гьесда тIад, цIертIа бацIулеб гIандаракалда цIал

гӀадин. Восун анила Сурич гьаваялде. Зодоре ххарулелгӀанги халатал хурмадул гъутӀбузда тӀадги тиризавун, кверзуна гӀадин, рехун анила нилъер Сурич. Ссурссуриялда арав гӀужихъан, гӀагьан вахъанила цо хъархъилжоялда тӀад. Эб хъархъил хӀуби букӀараб бакӀ бихьани, борохьго кӀоченаанила нилъеда. Азалухъачалъул бакьулъ бугеб кьватӀиялъубе кьалбалги риччан хучун кьурулъ чӀараб хъарахъ букӀанила гьеб. Гьебги ккун хутӀичӀевани, хъапан вахъинаанила гьев кьурул аххада. Инаанила, аб дуниялги тун, талихӀ къарав Суричил рухӀги. Свинаанила гьаб маргьуялъул чирахъги. Амма эдин ккечӀебилаха эб.

Къан ккун цояб кверал хъарахъгун, хъепун чӀун вукӀанила Сурич. СихӀ къотӀун рукӀарал генал, кьурулъе чӀвазе малалдай цоцазда рухьинаян рукӀанила. КӀудиял чагӀаца, гӀаргщал рухьун, кьурса гъоркье регьун лъикӀилан малъулеб букӀанила.

РекӀеда ватанила живго Сурич. Чвантиниса бахъанила мачӀусакӀ. Вагъа-вашариялъул хӀинкъи букӀаниги, хъарахъ ккураб кверальго мачӀуги ккун, гьелда тӀад белъа–бухун къачӀараб сакӀги лъун, эркенаб кверальъ цӀагӀелги кӀутӀун, хъванила гьас цӀа. ЦӀадухӀур сакӀитӀе ккарабго, кӀкӀуйчаханила гьеб. Гьанже бахъанила гӀирпиталъ кьураб микӀисалда гъорлъа цо расги, чӀурхӀанила гьебги. ГӀододзодоб цун, цебе чӀанила гьасда гӀирпитженги. «Хехлъи гьабун, гьагъаб борохь бихьуларебги буссу-



наребги бакIалде щвезебе!» абун буюранила Суричица.

Гьайтилан араб гьелъ, вайтилан босун борохьги анила, авги кьурулъго хутIанила. МагIаруласул нахъагIакълуйилан абиго гьечIищилаха, цин дунги гъоркье вачейилан абизе ккелароанищилан, ракIбухIун лъугьанила гьав. «ВахI, цоги рас чIчIурхIилагури нилъеца» абун нахъойги кIутIанила гьас мачIдада цIагIел, гIунила цIа, кIкIуйчахханила сакI, чIчIурхIанила рас. ГIирпит бачIинчIила, бачIанила гьелъул гьаракь: «Я мун дир кIудияв парччахI, дудагIагийищха лъазе кколареб, цо къоялъ цо буюрухъ гуронин, дида тIубазе кIолареблъи» абун.

Анила къоги, тIерхьанила бакъги. Къаси сордоги бецIлъанила, сири баледухъ Суричги квачанила. Квачалдасаги квеш букIанила кьижизе рес гьечIолъи, гьаб хъархъидасаги ватIалъани, тIокIалъ дунял бихьизе гьечIолъи.

Гьедин рогьанила, хаселги араб, ихги ун бахъунареб заман букIаниги, рекIеда цIер хъвараб гьеб сордо. Бакъги баккун, цIияб къо бачIун букIиналда ракIчIей ккараб мехалъ, нахъойги чIчIурхIанила Суричица гIирпиталъул расги, гьайтилан цебе эхетанила эбги, аниса восун росулъ лъе живилан буюранила Суричицаги. Геналги хадур ралагьун, рекIун гIирпиталъул горботIагун, воржун анила ав рокъове.



* * *

Гъобго Буйнакск шагьаралда гIумру гьабулев вугеб мехалъ АсхIабгIали ХIасановасухъ сордоги бан гьоболлъухъ вукIарав ГIабасилав, рогьалилъ хеккого вахъун рагIидал, жеги вегахъего вугев АсхIабгIали гьесдехун кIочIодалун кIалъала:

*— Сордо рогьиналде вахъине ккани,*
*Бухъизе хурищ дур, лъалъазе ахищ?* — абун.

КIалдибго лъун хIадурун букIарабгIаги хехго, гьесги жавабалъе рикIкIуна:

*— Аллагьасе базе какги букIаго,*
*Кинаб хур букIараб дуе къваригIун?* — илан.

# Рохьил балъголъаби

**(«Рохьил балъголъаби» абураб тIехьалдаса)**

**1.**

**Рохь. БецIаб рохь. Беццаб рохь.
Бихьулеб гьечIо канлъи,
Кинасан инеяли,
АхIмад вуго нух къосун.
Гьас бахъулеб гьечIо хIохь,
КIочон буго кIвахIаллъи,
ГIедер босула гали,
Нусго рахъалде вуссун.**

**«Каранда кисаялъуб
Компас щай дица лъечIеб,
Гьадин хутIараб къоялъ
КъваригIараб рахъ лъазе?
Дун дирго классалъув
Дарсахъ щай гIенеккичIев,
ГIакъилаб тIабигIаталъ
Малъун къирбал батизе?»**

**Азарго ургъел буго
АхIмадил бетIералда,
Батиладай нухилан,
Щвеладай рокъовеян.
Нусго ракIбухIи буго
Гьасул гьинал рекIеда,
РекIкI жиндийго кканилан,
Щай дун лъикI цIаличIеван...**

**2.**

**Рохьил сихIкъотIиялъги
Гьав хIинкъизе гьавула,
Гьасий балагьалъе гьеб
Ургъулеб бугеб гIадин.
ТIанхил хваш-хвашиялъги
Гьав тIуризе тIамула,
Жиндир гIинда гIасияб
Гьаракь рагIараб гIадин.**

**Цо-цо гъутIбузда гъорлъан
Бихьулеб букIараб зоб,
БецIлъун ун, канчIаб цIваги
Баккун буго бихьулеб.
Гьасда бугеб хIалги лъан,
ХIинкъиялъ кьураб гIазаб,
МаркIачIумех щведалги
ЩуцIул буго борхулеб.**

**«Бу-гьу...бу-гьу...бу-гьу!» – ян
РагIулеб буго гьасда,
Гьав, щибали лъачIого,
ЧIезе бакI тIагIун вуго.
«Гье-гье-гьей, гье-гье-гьей! –
Багъулеб буго гIинда,
Гьебги рекIей гIечIого
Гьав сородилев вуго.**

**Рузилги руз таралги
Сардил хIанчIазул гьаркьал
РатIа гьаризе лъазе
Гьас гIамал гьабун гьечIо.
ХIутI-хъумургин, хIанчIигин
ГIисинал чIиникIвекьал, –
Гьезул гIумру цIализе
Гьас жигар бахъун гьечIо.**

**3.**

**Гьале гьав чIун хутIана,
Хаган, гьакIкIан цIорона,
Тамашаяб цIа батун
ЦIакъго тату хун вуго, –**

**Жундул ракIалде щвана,**
**Жаназаби паркъана,**
**Гьеб цо балагьилан тун,**
**Гьале тIурулев вуго.**

**Учителас бицунеб**
**Дарсихъ щай гIенеккичIев,**
**Къаси гвадрида лъолеб**
**«ЦIорораб цIа» рагIичIищ?**
**Къасимехалъ бихьулеб**
**СагIтихъ щай валагьичIев,**
**Додинаб канлъи кьолеб**
**Фосфорияб цIа гурищ?..**

**4.**

**АхIмад тIурун цо кIкIалал**
**РагIаллъуде ваккана,**
**«ЩагIитIабазул цIаяз»**
**ЦIакъго хIинкъизавуна, –**
**Ас гIемералго дарсал**
**Гьоркьор риччан рукIана,**
**Роржунел кенчIерабаз**
**Канлъи кьолеб кIочана.**

**Гьенисан лъутарав ав**
**КIкIалгъун эхеве ана,**
**Ахирги рохь лъугIараб**
**Байданалде ворчIана.**
**Дагьаб ракI гIодоцун гьав**
**Гьелун унев вукIана;**
**Гьасда хадуб бахъараб**
**Хъанда гьвел хIапи чIвана.**

**Гьанже гIодовги вукIун**
**Гьас цо нухалъ пиштIана,**
**Гьеб параялда гьвеца**
**Гьав вугеб бакI батана.**
**Хиялаздаги рекIун**
**КIиялго рокъой щвана,**
**Метерни АхIмадица**
**Дарсда суалал кьуна.**



* * *

Расул ХIамзатовасулги божарав чиги гьудулги вукIана ГIабасил МахIамад. Литературияб институталда ГIабасил МахIамад цIалулев вугеб мехалдаги, Москваялде вачIарав Расул ХIамзатов гьесухъ рештIунаан. Жиндирго иргадулаб тIехь къватIибе бачIараб мехалъ гьадинаб тIадхъвайги гьабун сайгъат гьабуна Расулица ГIабасилаce:






*ГIабасил МахIамад гIабсаз восулев*
*ГIадан гуро кколев дир тIалъиялъул,*
*Москваялда гIемер лъагIелал рана,*
*ЛъагIилухъ босараб бичун рагIичIо, –*
*абун.*

* * *

МахIачхъалаялда букIараб кIудияб квартираги бичун, магIарухъ «Авар адабияталъулги магIарул маданияталъулги Рукъги» гьабун, гьенибе жанибе буссинабуна шагIирас гIумруялъ жинцаго ракIаранщинал тIахьалги, музеялда лъезеян ракIалде гьесанщинабги. Гьениб кинавниги магIарул миллат чIухIизе бегьулевщинав машгьурав чиясул – рагьул бахIарзазулги, машгьурал устарзабазулги, пасихIал шагIирзабазулги, гьаракь берцинал кочIохъабазулги, гьунар камилал художниказулги, жиндирго гIага-божаразулги, гьудул-гьалмагъзабазулги сураталги лъун къачIана доб тIадехун рехсараб музей-рукъги. Жинцаго жаниб гIумру гьабулеб букIараб минаги гьединал творческиял гIадамал хIухьбахъиялъе рачIун рештIинеги, хIалтIизеги букIине васият гьабун тана.

Жиндирго рукъалъул пастIанив вукъун вуго магIаруллъиги хирияв магIарул мацIги бечед гьабурав шагIир. Гьесухъе къойилго тIелал-тIелал гьарун рачIуна батIи-батIиял районаздасаги, республикаялъул шагьараздасагун росабалъаги, Россиялъул батIи-батIиял регионаздасаги, жеги къватIисел улкабаздасаги гьалбал. Гьев лъикIав инсанасул хабаде зияратги гьабун, гьениб бихьа-таралда хIикмалъун, ракIалдещвеялъе сураталги рахъула, газет-журналаздаги, интернеталдаги гьелъул хIакъалъулъ бицуна.

# ГIанкIитIинчIги цаpатIинчIги

Гъуцl-гъуцlарал гIундузул
ГIанкIитIинчIги букIараб,
ЗузбегIераб кIалалъул
ЦаратIинчIги букIараб.

ЦаратIинчIалъул эбел
ГIанкIил тушман букIараб.
ГIанкIитIинчIалъул эбел
Царал «шашликI» букIараб.

Эбелаб цер гIанкIида
Чанги хадуб лъугьараб.
Эбелаб гIанкI хъархъазда
Нахъа бахчун хутIараб.

Эбелаб гIанкI царакьа
ХIинкъун гIемер лъутараб;
Хадуб гъолеб гьелъукьа
ХIалалъ лъутун борчIараб.

Бигьагьабун царатIинчI
Цо къоялъ къватIиб ана.
Цо-цо кIанцIун гIанкIитIинтI
ГIалахалде бахъана.

Квасул нухи гIадинан
Унеб буго царатIинчI.
Квасул торгIо гIадинан
Унеб буго гIанкIитIинчI.

Гьале рохьил рагIалде
ГIанкIитIинчIги бачIана.
Гьебсагlат гьеб бакIалде
ЦаратIинчIги бачIана.



ГIанкIитIинчI лъабгIиналде
Бищарилеб бихьула.
ЦаратIинчI гьункьиялда
Гьениб унеб бихьула.

СентIелаго царатIинчI
Гьелда аскIобе щвана.
Соролаго гIанкIитIинчI
ЧIаралъубго хутIана.

Гьел цоцахъги ралагьун
РагъаричIого чIана.
Цо микъан рахъинчIого
Таманаб заман бана.

Гьебеле гIанкIитIинчIалъ
ГIундул кIечIезаруна.
Гъобеле царатIинчIалъ
Цоябаб квачI борхана

КатитIинчIалъ киниги
КвачI гIундузда кIутIана.
ГIундул гIанкIитIинчIалъги
КIанцIаризе гьаруна.

Гьанже рохун кIиялго
Расандизе лъугьана.
ГIодор гебергулаго
Майдан тири гьабуна.

Гьеб макъаналъ къоги ун
Къасде рокъой руссана.
Нахъияб къо бачIингун
Гьагъарего рачIана.

ГIанкIилги царалги тIинчI
Гьудулзаби лъугьана.
КIиго тушманалъул тIинчI
РакI бацIцIадго хьвадана.

# БахІарчиясул магІу

(«Иргаби» абураб тІехьалдаса)

**БахІарчиясул магІу**
**ГІодобе тІинкІуларо,**
**ТІаде балагь къуларал**
**Къоял жинде щунилан.**

**БахІарчиясул магІу**
**ГІурдаде щублъун гъуна,**
**Гъаримав пакъирасда**
**Къварилъиялъ къвал бани.**
**БахІарчиясул магІу**
**ЧваххунцІадлъун гьарщула,**
**Пуланав загІипасда**
**Зулмуялъул хІал чІани.**

**БахІарчиясул магІу**
**ГІицІго къараб ицц буго,**
**Цойгидал цІадаздасан**
**Гурони цІирулареб.**
**БахІарчиясул магІу**
**ГІажаибаб лъим буго,**
**ГурхІалил гонгинисан**
**Гурони чвахулареб.**



ГIабасил МАХIАМАД

# Лъегlелдерил къисмат

«Судьбы Дагестана» — гьаб темаялде гъорлъе уна дие бицине бокьараб, амма историказ кIвар буссинабичIого тараб ЛъагIилухъ росдал суал. Гьеб суалалъул цIеха-рехсей гьабизе дун тIамуна «ТIеки» абураб бакIалда рехон тараб, гIалахалде свераpаб, хурзал рукIараблъи лъалеб ракь букIиналъги; рукъзал ралелъулги, лъим бачине рахъ бахъулелъулги ратулел батIиял хабзал лъегIелдерил хурзабахъ рукIиналъги; цIиял хабзал, хIисаб гьабуни, гьитIинал рукIиналъги.

ХIакъикъаталдаги, гьикъичIого хутIулеб гьечIо, гьадигIан кIудияблъун букIараб росу, щайха гьитIинаб ЛъагIилухъ росдаде свераб? Яги Дагъистаналъул къисматаздасан рагъалищ, эпидемиялищ гьеб хисизе гьабиялъе гIиллалъун ккараб?..

Гьединаб суалгун дун, гIадамазда цIехезе, цIализе дихъе щолел тIахьазде ваккизе лъугьана. Дихъе щвараб жавабалъул бицине, дун доб мехалъго ЛъагIилухъа Шангерейихъеги щвана. Гьес дие цIалана гьитIинаб, амма некIсияб тIехьги.

«ЛъагIилухъ» абураб росдал цIаралъул магIнаялъул хIакъалъулъ гIемерал биценал данделъула. Гьездасан битIараблъун бихьула гьеб «лъагIри—мухъ» абураб рагIиялдасан лъугьараб цIар букIин. ЛъарагIлъи абураб рагIи ккола аваразул болмацIалда битIараб бакI абураб калима. «ЛъагIримагъилъ» абулеб магъил свериги буго цIан ритIарал хурзал ругеб бакIалда ЛъагIилухъ. ТIекитIа рехон тарал хурзабазул бакIги буго битIараб байдан гIадаб бакIалда. Гьединлъидал, «р» хIарпги бортун ЛъагIилухъ лъугьине рес буго, «м» хIарпги, заман индал, «л» хIарпалде сверулелъул.

ЦIаралъул суал баянлъараблъун тезин…

Диналъул рахъ босани, цересел гIадамал рукъун ратулеб, бакъбаккуде руссараб, куцалъухъ балагьунги, бицабазда хутIун батараб хIисабалде босунги, бусурманлъизе разилъизаризе кIвечIолъиялъги бихьулеб буго бакъуе лагълъи гьабиги цIадуе лагълъи гьабиги жубараб божиялда гьел рукIараблъи.

Гьезул диналъул харам бугеб бакIги, гьезулго бакIлъун букIараб ЦIелмес росу бугеб бакIалда «ГьитIинаб килщитIабакIалда» данде битIун букIун буго. «ЦIелмес» абураб рагIул магIнаги — «цIаялъул бакI» абураб кколеб буго, ай гьезул диналъул харамалде абулеб букIараб цIар кколеб буго. Ругогури гьанжеги авар мацIалда гIиндамес ва ургьимес абурал рагIабиги. Кин ва кида бакулеб букIун батаниги, гьеб харамалъуб цIагибакулеббукIунбуго. Бакъбаккул рахъалда гьабураб «ЦIелмес» харам, бакътIерхьул рахъалда Гьалгьанаби абулеб бакIалда бугеб КIудияб килщитIабакIги букIун буго гьезие аслияб бакIлъун.

Жибго «гьалгьан» абураб рагIи гIемерал магIарул росабазул диалектаздаги, святое место абураб магIнаялда дандчIвалеб рагIула. ЛъагIилухъ бугеб гIемерлъул рикIкIеналда, «Гьалгьанаби» абун букIиналъе гIиллалъунги, КIудияб килщитIабакI гуребги, гьениб

риибакьулъги цIер чIвалеб къорил ицц букIинги батила.

Гьеб КIудияб килщитIабакI (увенчанная пирамида) мукъадисаб бакIлъунги рикIкIун, некIсияб заманалдаго хъайт хъвезе (жертвоприношение) гьенире унел рукIун руго, къурбан хъвезе абураб рагIуца гьеб хъайт абураб рагIиги, авар улкаго бусурманлъидал хисараб буго. Гьеб килщитIабакIалде «бакъул куцало» абулеб букIун буго. Гьанжеги цIад гьаризе гьелда цере унел руго гIадамал. ГIадат толареблъи бихьулеб мисал ккола гьебги.

Авар улкаялдаго ислам тIибитIун бахъиндал, шагьадат къабул гьабурав аваразул нуцалги ГIандуникIхан (Андроник) вукIун вуго. ГIандуникIил заманги историялда ХУ абилеб векалде кколеб буго. Гьеб заманалдаги язычникаллъун чIарал лъегIел исламалде хIалалъ рачине гIарабиязул цо отрядги бачIун букIун буго. ЛъегIелдерил гIадав абун (бетIер), Гъванги абун жинда цIарги бугев чиясул амруялда херехьдерил ХIатIинакIкIал ккезе данде рахъун руго лъегIелги, рагъуе хIадурго.

Кинаб гIилла-сабаб бусурманлъизе ккеялъе доз бачаниги, гIинтIе квачI бахине биччан гьечIо гьез. Рагъун гурони, иш тIубазехъин гьечIелъул, херехьдерица маслихIатги гьабун, лъегIелдерил Гъвангиги гIарабиязул командирги (щайихги) хвалчаде рахъун руго (один на один) рагъизе, гьанже щайихасул хоб бугеб, херехьдерил гIатIидаб хурир. Гъвангица гIараб отрядалъул бетIер чIван вуго, лъегIел бергьараллъунги рикIкIун, некIсияб гIадаталда рекъон, нахъ руссун руго. ГIарабиялги, жидерго щайихги чIвараб бакIалдаго вукъун, рекIетIа ратизегIан теян, квер хьвагIун, лъегIелги тун, нахъе ун руго…

Гьанибго бицаниги бегьулеб хабарги буго гьеб ишалда хурхараб. Харахьиса МустIапа абулев, ЧIикIаб мадрасаялъул мударислъун вукIарав чиясе ирсалъе щун букIун буго нахъаялде доб хур. МустIапа ккола шагIир Харахьиса Апандил кIудадалги эмен. Эс хур бекьулаго пурцица бахъун бачIун буго цо къоно. Гьеб батун буго цебего хварасул хоб. Къаси макьилъ бихьун буго МустIапада, вачIун хъахIаб магжил чияс, гIайиб гьабулеб, бегьилааниищ дуца щайихасул хоб хвезабизе абун. МустIапацаги, радал вахъун, хур бакьулъ бугониги, хабатIа рукъги бан буго. ГьабсагIатги гьениб фатихIа рехичIого унаро нухлулал… Щайихасул цIарги лъаларо.

Гьелъул гуро бицен бугеб. Бицен буго лъегIелдерил къисматалъул. Жидерго къосараб диналда некIсиял лъегIелги, гьезде хьандолел некIого иман лъурал росабиги рукIун руго. Цо росдада бараб жойищ букIинеб, улкаги дунги исламалда рукIагоян гIодой виччан ГIандуникIги вукIун вуго. Бищунго рекIеда иман хурхарал херехьдерица делегация битIун буго игьелдерихъе, жамагIаталъул рахъалдасан. Давлаялъе капурзабазул боцIиги ножое букIинила. ЦIоралде щвезегIан чабхъад унел рукIинчIого лъегIел рахъизе рачIайилан.

КъотIуда рекъон, Игьалиса рачIуна чабхъадулалги, цолъула бакI лъалел херехьги, хвалил даражаялде макьил ригь бахиндал, борхатал сиял ккуралги хъвехъун, хъаравуллъиги чIчIинтIун, сардилъ босула росу. Бихьинал рукIа, руччаби рукIа, херал рукIа, гIисинал рукIа, батIа гьаричIого, кьижараб бусадаго гъурун рала росдал киналго гIадамал. БухIун тIатIале биччала, тIатIала рукъзалги ран рукIурал лъегIелдерил росуги. Рас течIого, боцIи-панзги уна давладуе игьелдерица, цIулакьудал рохьги цIулае бухIизе къотIула хе-

рехьдерица. Харахьиб умумузул заманалдаса бачIараб бицен батанилан, бицунеб букIун буго нусидаса сонал арав Чулахъил НурухIумица, гьагъал цIиял, къвал сверун данде щоларел, цIулакьугъутIби, доб къарнуялъго къотIун, хутIарал хIухьдузда рижарал рагIулилан.

РагIула гьеб лъегIелдерил хабар Хунзахъ тахшагьаралдаги. Капурлъи гъурунилан бусурманав ханас херехьдериде гIайибги кинха гьабилеб. Босун жиндир ихтияралде кьураб ракь бекьичIого ГIандуникIги вукIун ватиларо. ТIеки аххалъи херехьдериеги кьун букIун буго ханас, хутIанщиналъул ихтиярги босун буго кодобе.

Хундерил ханзабазул гIадат букIун буго, жидерлъун кколеб букIараб ракьалда тIад гурони, магъало лъолареб. Гьеб ритIухъ гьабула, ханасе вас гьавидал сайгъаталъе росдаца кьун букIараб Харикь бакIалдаги, ГIандуникIица кьураб тIекиаххадаги гурони, херехьдерил цогияб ракьалда магъало лъураб букIинчIолъиялъги.

ЛъагIилухъ росдал свери гIатIидаб ракьалдаса пайда босулаан магIарул улкаялъул ханзабаца. ТIекитIа хурзал хвезе таниги, цIулакьурохь къотIун хутIарал хурзалги пихъил ахалги хIалтIизаризе гьез ритIун рачIунаан жидерго лагъзал. Ихдал рачIун хасалихълъи жанибе буссиндал руссунаан гьел Хунзахъе. Хъаравуллъиялъе анирго таралги рукIунаан гьездасан.

Амма ханзабахъе щвараб кIудияб ракь бекьулебги букIана. Рагъул ишазе гIоло кьейги, гIага-божаразе тейги гIадатлъун билълъун букIана. Бокьараз гьеб, гьениреги рахъун, хIалтIизабулаан. Бокьараца жидеего щвараб бакI цогиязе бичун кьолаан. ГIемерисел хунз руго лъагIилухъ гIумру гьабулел гIадамал.

ГIадамазул дагIба гIемераб суал ккола ХIажимурад кисса кколеван абурабги. КIудияв Л.Н.Толстояс хъван буго, мун кив гьавуравин гьикъидал, ХIажимурадица кьезе кколеб жаваб гIадаб, каламалда рекъон. Нилъеца гIадин, киса кколеван гьикъуларелъул гIурусаца. ХIажимурадил инсуе, кIудадае, эсулги инсуе кьун батун букIине бегьулагури ЦIелмесалдаги хур. Гьеб хIалтIизабизе рачIунел рукIун ратизеги бегьулагури гьезул чагIи. Цинги гьавизе бегьулагури ХIажимурад гьенив. Кив гьавун ватаниги ва кин гьавун ватаниги, гьев Хунзахъа ХIажимурад гурищ кколев? Гьесул гIагарлъи Хунзахъ гурищ букIараб ва бугеб?

Ханзаби тIагIинарун хадуб, ханзабазул ихтиярaлда рукIарал ракьал имаматалъул байталманалде рачIун руго. Шамилица, херехьдерил гьариялда рекъон, ЦIабари бакI гьезие кьеялъул кьучIаб рагIи батула тарихалда. ГьенкIкIетIа гьитIинаб росуги имамас ракь кьураз бараб буго.

Шамил асирлъун хадуб, пачаясул ихтиярaлде ана имаматалъул байталманалда букIараб хур-ххер. Гьезги кьуна рагъулаб мустахIикълъиялъе гIоло, жидерго баркалаялъул бакIалда, ЛъагIилухъа хурги, ххерги, ахги.

ГIалихановазул наслу-тухумалъул Хунзахъа рахъарал чагIиго гIадин, имамат биххун хадуб, росулъ жиндирго хур-ххерги бичун, аниве вахъарав Шамилил цо байрахъчи МухIумагъазил тухумги буго ЛъагIилухъ. Гьес бицунеб букIахъе, гьесул цIараки гьаниб анцIила анкьабилеб кколеб букIун буго.

Гьанжейин абуни, росуги кIодолъун буго, кIикъого батIияб росабалъан рачIарал гIадамалги ЛъагIилухъ руго...

Гьелде щвелалде, ЛъагIилухъ бакI ханзабазул кверщаликье бачIун лъабнусго сон иналде, халкъалъе цIакъго загьирлъарав, лъикIал рахъал гIемерлъарав хан вахъун вуго Хунзахъ КIудияв ГIумахан абун, (Умахан Великий, гьавураб-ги хварабги сон 1761-1801). Гьесие гIемерал улкабазул ханзабаз магъало (дань) кьолеб букIиналъго бицуна гьесул рагъуе букIараб гьунаралъул.

Дица бицунелда гъорлъе КIудияв ГIумахан вачине бокьиялъе гIиллалъун ккола, ЛъагIилухъ росдал ракь ханзабазухъе бачIун букIин бихьизабизе бокьиги, гьезие гьелъул букIараб кIвар загьир гьабизе рес щвейги.

Гуржиязул Ираклий пачаяс магъало кьолеб букIаниги, живго-жинтIаго чIарав Эвгени гиназасул (князь Евгений) хъала бахъула КIудияв ГIумаханас. Гьесда тIад магъало лъураб къотIи-къай гьабизе вачIарав ГIираклийида ГIумаханас гьарула, Эвгени гиназасул суратгIанги берцинай яс Дариджан жиндие лъадилъун кьезе гьаеян. Гьеб иш, нилъерги дозулги къагIидаялъ ригьнал къотIиги гьабун, тIубала. Амма цадахъ ячун ячIани, ккун ячIарай лагъилан, абичIого букIине, Хунзахъе щведал, жиндирго вазир ГIалискандил бетIерлъиялда вакилзабиги (делегация) ритIун, ячун ячIуна Хунзахъе Дарижа. Нилъер гIадамаз Дарижа абулеб букIун буго элде. Хунзахъ ГIумаханил кIигоги чIужу йикIиналъ лъаларо (КIилъилай ва ХъистIаман), яги Хунзахъ, цIоралде (юг) дандеккун квачараб букIун лъаларо, ЛъагIилухъ гьитIинаб гьинсвериги (хоромы) бан, гьений тола Дарижа, гьединлъидал бищун гIемер ЛъагIилухъе щварав ханги ГIумахан ккола. Дарижаца ГIумахание ЯхсипатIимат абун, имгIал МухIумирзал хварай лъадул цIарги лъурай яс гьаюла. (Гьей хола 1813 соналъ букIараб эпидемиялъ унтун КIахъ букIараб ханасул колода). Дарижа жийгоги хвезе гIагарлъиялъ нахъе ячун уна. Гьей холей йикIана ЛъагIилухъго, 1801 абилеб соналъ ГIумаханил хвел хIехьезе кIвечIого. (ГIумахан хун вуго ЧIаралда ругънал сах гьарулев вукIарав чи).

ГIадамаз чIанчIуралде гьанжеги Дарижал коконилан абула, элъ гьарун бачIараб букIун буго чIанчIурил гъветI ЛъагIилухъ чIезе.

Дарижал хIал хIисабалде босараб рокьул кечIги буго нахъа гьабураб. Гьелъулги цо байт лъала гIадамазда жакъаги:

*«Дарижа ежараб жани ЛъагIилухъ*
*Ежулей ятила дир гIамал берцин…»*

ЛъагIилухъ роол багIари цIикIкIараб бугелъул абун батаниги, ГIумаханасул хвел хIехьезе кIвечIого, Дарижа юхIун хванин бицине бокьун букIун батаниги, нилъеда лъаларев авторас Дарижа йигеб хIал данде кколеб буго жиндирго гьудул ятилеб хIалалда…

Цоги буго, ГIумахан хвелалде букIараб, цересел учебниказдаги батулеб «Бахтикал кечI». Гьелъул авторасги, бокьичIого, Шушаялде кьолей йикIин, политикаялъе гIоло гьабулеб ригьин букIин бихьизабун хъвалеб кочIолъги ЛъагIилухъ рехсон буго:

*«Дун йичун, босараб меседгин*
*гIарцухъ*
*ЛъагIилухъ токен лъе,*
*дир вац ГIумахан…»*

Гьелъулги магIна ЛъагIилухъ бакI гьитIинаб букIин батизеги бегьула, яги ГIумаханасе Дарижа йигеб

росдал хиралъиян балеб рогъо батила. Гьеб иш дир гуро, дица Дагъистаналъул къисматаздасан цо росдал бицана.

Бихьугеги лъиданиги, ЛъагІилухъ росдада бихьараб трагедия.

Гьанибго бицинчІого гІоларо ГІумаханил нукар Хунзахъа КІудияв Хъайитмазилги. Гьевги цадахъ вачун ГІумахан ун вукІун вуго тумазул улкаялде, щиб хъулухъалъ гьев аравали дида лъаларо, лъазе жигар бахъила.

Кукли абулеб росулъ гьел бегавулас рокъоре рачун руго. Гьесул цохІо йигей яс йикІун йиго дарайдул гурдил къвалаз тІинцІиги ккун босун, квен гьабулей. Лъади-рукъ гьабичІев Хъайитмазил гьелъухъ рокьи ккун буго ва гьес жиндирго ханасда гьарун буго гьелъул инсуда гьей, жиндие кьеян гьарейилан. ГІумаханас нукарасда абун буго гьей дуе гьаризе ккани, дуе гьей йокьарай гІоларилан. МагІна бичІчІарав Хъайитмазги мукІурлъун вуго, жидер рагІи данде ккун бугилан. Ханас абидал, инсуца ясги кьун йиго, магьариги лъун буго, гьейги цадахъ йитІун йиго. Ханас гьезие росу ахІараб бертинги гьабун буго.

Гьеле гьев нукар Хъайитмаз витІун вуго ханас Дарижа цІунизе ЛъагІилухъе. Хъулухъалъ витІарав гІечІого, хур-ххерги кьун буго гьениб гьесие. Хъайтмазицаги тІатІала лъураб харжалъухъ гІулбузул илхъи босун буго. Гьеб илхъицин хІебтІулеб баракатаб ракь букІун буго ЛъагІилухъ. Тумазул ПатІиматицаги Хъайитмазие лъабго васги лъабго ясги гьарун руго. Гьезул Хъайитмазил МухІамад абулев цІакъ маргьаби рицине гьунар бугев чи вукІана. Гьев дидаги лъалаан. ГІабдурашидин дир кІудадал ракІжубарав гьудулги гьезул вас вукІун вуго. Гьев нахъалъегІан хутІун вукІана. Маккашарип абулев кІудияв гІакъилги вукІана. Гьей ПатІиматил букІараб гьамасги буго дир музеялда, гьебги дир яцгІал Разиятица бачІана дие.



---


**ПАЙДА БОСАРАБ ЛИТЕРАТУРА:**

1. *Хайдарбек Гиничутлинский.* Историко–биографические и исторические очерки.
2. *Ясулов ХІажи.* Авариялъул ва Хунзахъ районалъул тарихалдаса баянал.
3. *ЛъагІилухъа Шангерей.* ГІараб мацІалъ хъван батараб биценалъул некІсияб тІехь.
4. *ГІабасил МахІамад.* Жеги къватІире кьечІел баянал (рукопись).




**МахIмуд, мун гIадинав, магIарулазе**
**Цоги вас вукIине цIакъ бокьилаан,**
**КIиго МахIмуд щварал нилъер чагIазе**
**Бергьенлъи босараб цIарги кьелаан.**

**ЦIар цо бугониги, дуниялалда**
**Дидаса чIухIарав чи ватиларо,**
**Тохлъи гIемерлъараб гьаб гIумруялда,**
**Дирго миллат гIадаб къавм букIинаро.**

**МагIарул мацIалъул магIна цIикIкIана,**
**ЦIияб дур кочIое кунчIаралдаса.**
**Рокьул аварагин дурги бицана,**
**Цо Муи йокьун, мун лъугьаралдаса.**

**Рокьул кучIдул руго нахъе хутIизе,**
**МахIмудица хъвараб тIехьлъун батизе.**

МахIмуд! Хвел гьечIев МахIмуд! Хваралдаса азарго сон аниги, историялда хутIизе вугев МахIмуд!

– Щай?

– ЦохIо Муи хиралъиялъ хведал!

– Гьеб гуребги?

– Берцинаб мацIалъ хъвадал!

– Кин?

– ХъачIаб магIарул мацIалъул хъвариги кьвариги хвезабун!

МахIмудил кучIдул цIалулелъул магIарул мацI хIеренаб лъугьуна, гьелъул гьаркьал тамахлъула. ЦохIо гьебги гIелаан МахIмудил асарал рокьизе.

Цо рагъдасан битIун бачIараб «Марям» гIелаан абадиялъе гьев нахъе хутIизе.

Амма образалги руго гьелда батIиял. ЦохIо мисал:

«ГIанси тIупаралъуб тIогьол гуч буго...»

Дида гьадинаб гIатIидаб магIнаялъул сипат-сурат гьаби батараб жо гуро. Лъалеб жо буго магIарухъ гIанси, гьороца босун гIазуги ун, сокIалго толареблъи. Цо-цо бакIалда гьеб, биццатаб гьатлъун, бегун чIола. Ихдал гьениб регьелги цIикIкIуна. Регьел цIикIкIараб бакIалда ххерги буч-

чуна. Ххер гIемер бижани, тIегьги гIемер бижула. Гьебго щинаб жо кечI хъвалаго ракIалде щолеб буго шагIир МахIмудида. ГурхIунищ гьесул образал кутакал рукIинел?!

ЦохIо Муи йокьиги кьучIлъун буго кучIдузе. Киналго кучIдулъ цого Муи йикIин гуреб, моралияб рахъалъги вергьунев вуго МахIмуд.

... Мисриялъул къиралас
Къаси яс кьунаниги,
Къабуллъиларо дие,
Дуда гуреб къвал базе.

КъустIантIин шагьги вачIун,
Ячеян гьараниги,
ГьечIо дир рекIел хиял,
Хваниги, мун гурелде

Гьедин абулеб буго МахIмудица Муидехун.

Гьединал рагIабазги гIодоцине гьавуларев шагIирас жиндирго Муиде бугеб рокьи рагьулеб буго:

Нахъияб хъул-хъалам, хъачIлъуда хурзал,
Хиял лъурас рекье, хванин дир оцал.

Гьаб гуро руччаби гIодорегIан гьаби. Гьаб буго, Муи гурей, гIадан жиндие хIажат гьечIилан аби!

Гьединав вукIана нилъер МахIмуд. ХIал алжаналъуб батаги гьесул. МахIмуд кIочене гьечIолъи – бицуна гьесул хIакъалъулъ хъварал кучIдуз, шагIирзабаз гьесде гьарурал асараз, гьесул гIумруялъул хъварал пьесабаз.

У, вукIана нилъер хвел гьечIев шагIир. Гьес тана цохIо тIехь – тIахьазулги эбел, рокьул тIехь. Гьеб хъван буго хассаб къагIидаялъ. Щибаб кочIол куплетал, абулелъул, ункъго мухъ кочIолги лъугIизабун. Абизе бегьула, МахIмудица бахъанин ункъмухъилал куплетал абун.

«Менделеевас тараб таблица – цохIо тIамач» абун дандекквей гьабун буго МахIмудил тIехьалъе!

МахIмуд хвечIо, чIвазеги кIвечIо! ХВЕЗЕГИ ГЬЕЧIО!



МухIамад АХIМАДОВ

# ГIабасил МахIамад

ГIабасил МахIамад, Гъуниб магIарда
Мун дида дандчIвана, жеги гьитIинго,
ТIехьалда букIараб, сураталдасан,
Мун ватIа вахъана, цогидазда гъорлъ.

Мун цогидазда гъорлъ батIияв вукIин,
РекIеца бицана, кучIдуз малъана.
Лъала дур инсулаб тIалабги дида,
ТIалъиялда лъалеб гьунарги дида.

Мун вукIана дие кочIол мугIалим,
МагIарул мацIалъул цIва борхун ккурав,
Мун вукIана дие рекIелав гьудул,
Гьунар гьаб ракьалда даим хутIарав.

Мун ана... анагIан гIагарде щвезе,
ШигIрабазул гIумру гIатIидги гьабун.
ГIабасил МахIамад, магIарул шагIир,
МагIарухъ хутIила дур магIарул цIва.

# ???

* * *

ГӀабасил МахӀамадил лъималазе хъварал маргъабазул цӀарал:

1.

2.

3.

* * *

ГӀабасил МахӀамадил пьесабазул цӀарал:

1.

2.

3.



* * *

ГӀабасил МахӀамадица лъималазе хъварал тӀахьазул цӀарал:

1.

2.

3.

**ХИРИЯЛ ЛЪИМАЛ!**

**2018 соналъе «Лачен» журнал хъвазе кӀочанищ нужеда? Хьул буго нужеца гьеб гьабсагӀатго тӀубазабилилан ва нилъер гьудуллъи гьоркьоб къотӀиларилан.**

Соколёнок

# Лачен

ISSN№0203 - 3682

5/2017

сентябрь–октябрь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство печати и информации РД.

Регистрационный номер
ПИ №ТУ05-00348 от 01.12.2016г.
выданный управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
Мурад Ахмедов

**Редколлегия:**
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

**Худ. редактор** З.Даганов
**Тех.редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталибов
**Оформление обложки** З.Даганов

Формат 60х84 1/8.
Уч. изд. л. 2,98.
Уч. печ. лист 3,26.
Бумага офсетная.

Выход в свет 09.10.2017 г.
Тираж 1307 экз.
Заказ № 95.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г.Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367025, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.